

Fatou Ndao Fall

L'Épopée du Waalo

De Nder à Dialowali

recueilli auprès de Samba Seck

griot au village de Ndeer

et à la RTS

Projet de publication : Éditions IFAN-ENDA

avec le concours du Projet Alphabétisation Priorité Femmes PAPF

De Nder à Dialowali

1 Parents du Sénégal,
Nous sommes ici à Nder,
Une illustre ville du Waalo,
Pour vous conter des événements qui se déroulèrent ici,
5 Événements glorieux,
Qui eurent lieu du côté de Guy Ngaala.
Guy Ngaala est un baobab,
Dont tout *Brak* intronisé au Waalo
Doit faire le tour sept fois.
10 Nous sommes adossés contre ce baobab,
Pour vous conter ces événements
Conduits par le *Brak* Amar Fatim Borso,
Accompagné de Fati Yamar Mbodj,
De Yerim Mbagnik Tegrel,
15 De Moussé Sarr Fari Diop Marème Kod Diop,
De *Jawdin* Madiaw Khor,
De *Bëkknéeg* Thiouka, Natago Fall,
De *Diogomaye*,
De *Bàddi*.
20 Ce sont ceux là qui partirent à Thiagar.
Mais lorsqu'ils partirent à Thiagar,
Ce n'était pas pour se battre.
Trouver les moyens d'enrichir leur pays
Était le motif de leur voyage.
25 Car en ce moment au Waalo,
Eux aussi,
Étaient atteints par le même fléau qui avait frappé les autres royaumes.
Ils s'étaient battus entre eux
Si bien que sécheresse et famine les accablaient.
30 Autrement dit une misère profonde commençait à s'installer.
Alors ils se dirent :
- « Puisque les Blancs s'intéressent au pays,
Allons négocier avec nos deux voisins
Avec qui nous partageons le fleuve,
35 C'est à dire la Mauritanie et le Fouta »
Alors,

Ils décidèrent d'aller voir en premier les Maures,
 Puisque les Maures occupaient alors une position plus accessible.
 Ceux que j'ai cités,
 40 Amar Fatim Borso Mbodj,
Jawdin Madiaw Khor Marème Thiam Yacine,
 Moussé Sarr Fari Diop Marème Codou Yaye Diaw Sall,
Jawdin Ndiague,
Bëkknég Thiouka,
 45 Et d'autres avec eux,
 Qui devaient être cent soixante guerriers
 Accompagnaient le *Brak*,
 Lors de ses déplacements.
 Lorsqu'ils arrivèrent dans cette cité qu'on appelle Thiagar,
 50 Les Maures informés de leur venue se dissimulèrent derrière des arbres.
 Dès qu'ils les virent s'approcher
 Les Maures se mirent à tirer
 Alors que les autres n'étaient pas armés,
 N'étant pas venus pour se battre.
 55 Ils se battirent,
 Les Maures furent vainqueurs.
 Ils blessèrent Madiaw Khor Marème Yacine Thiam Pathé,
 Qu'on amena à Ndiaw.
 Ils blessèrent Moussé Sarr Fari Diop Marème Codou Yaye Diaw Sall,
 60 Qui fut conduit à Saint Louis.
 Le *Brak* fut blessé
 Et rentra à Nder.
 Mais le Gouverneur avait jadis négocié avec le *Brak*
 Des conditions qui permettraient
 65 La culture des terres
 Pour enrichir le Waalo.
 Lorsque le Gouverneur fut informé de ce qui se passait,
 Il envoya son commandant
 Parlemerter avec lui (le *Brak*).
 70 Au cours de la discussion, le commandant dit au *Brak* :
 - « Accepte de venir avec moi à Saint Louis.
 Là bas on pourra soigner ta blessure.
 C'est vraiment cela que je souhaite. »
 Au début, les guerriers avaient refusé,

75 Mais après négociations ils acceptèrent
 Et le commandant put l'amener à Saint Louis pour qu'il y soit soigné.
 Lorsque *Almaami* sut que le Gouverneur a appelé le *Brak* Amar Fatim Borso
 et que ce dernier est parti pour Saint Louis,
Almaami revint avec l'intention de mettre fin aux pratiques *ceddo* des gens de
 Nder, de se battre avec eux et de les convertir à l'islam.
 Il se battit avec eux,
 80 En blessa beaucoup.
 Les Maures, eux, ne se dressent jamais face à l'ennemi pour combattre.
 Ils attendent d'abord d'avoir un endroit où se cacher, pour ensuite attaquer par
 surprise.
 Mais ils ne se dressent jamais face à l'ennemi.
 Lorsque les Maures apprirent que *Almaami* était parti à Nder,
 85 Que celui ci avait blessé une bonne partie
 De l'armée de Amar Fatim Borso,
 Alors, en cachette, ils se rendirent aux abords de Nder.
 Le *Brak* était en ce moment à Saint Louis,
 Madiaw Khor Marème Yacine Thiam Pathé était à Ndiaw
 90 En train de se soigner dans une case préparée à cet effet.
 Moussé Sarr Fari Diop Marème Codou Yaye Diaw Sall était à Saint Louis.
 Ainsi que tous les soldats de l'armée blessés,
 Chacun guerrier avait été transféré en un lieu pour y être soigné,
 Les Maures pénétrèrent à Nder.
 95 En ce moment, à Nder,
 Les hommes étaient les uns
 Partis aux champs,
 D'autres partis en voyage,
 D'autres partis à ...,
 100 Au village tous les hommes étaient absents.
 Seules les femmes étaient présentes.
 Les Maures les attaquèrent.
 Lorsque les Maures les attaquèrent,
 Parmi elles se trouvait *Lingeer* Mbarka Dia,
 105 Très proche de Fati Yamar,
 Qui était *Lingeer* de Nder,
 Epouse de Amar Fatim Borso
 Qui était *Brak* du Waalo.
 Elles entrèrent dans la mêlée, (au milieu des Maures),
 110 Armées de leurs pilons,

Se battant contre eux.

Elles se battirent et réussirent à en tuer

Trois cent onze.

Ensuite elles se retirèrent et se dirent :

- 115 - « Si les Maures sont vainqueurs
Ils nous emmèneront en Mauritanie,
Et s'ils nous conduisent là bas
Ils feront de nous des esclaves. »

Alors elles choisirent parmi elles celle qui s'appelle

- 120 Seydani Ma Fatim.

Seydani Ma Fatim avait d'abord refusé

Quand les femmes l'avaient appelée pour lui dire :

- « Accepte de partir avec les Maures,
Nous, nous allons nous brûler dans le *tata*,
125 Car si les Maures nous emmènent
Ils feront de nous des esclaves. »

Les femmes tentèrent de convaincre Seydani Ma Fatim,

Elles négocièrent avec Seydani Ma Fatim,

Si bien qu'à la fin,

- 130 Celle ci accepta de partir avec les Maures.

Mais quand elle arriva à Rosso,

Des parents qu'elle avait là bas la récupérèrent et elle s'installa chez eux du côté de Garak,

Elle a même des enfants là bas.

Mais l'événement glorieux,

- 135 Fut l'acte de bravoure et de vaillance des femmes

Qui s'immolèrent par le feu dans le *tata*,

Tata correspond aujourd'hui

A ce que nous appelons Assemblée nationale.

C'est dans cette Assemblée que les femmes pénétrèrent,

- 140 Et avec tous leurs effets personnels,

Elles mirent le feu.

Lingeer Mbarka Dia disait :

- « Jamais nous ne suivrons ces Maures qui veulent nous réduire en esclavage !

Mieux vaut périr toutes dans le *tata* en flamme !

- 145 Plutôt mourir toutes ici qu'être demain esclaves de ces Maures ! »

Pourtant en entrant dans la case en flammes,

Elles se mirent à chanter.

Que chantaient elles ?

Elles disaient :

150 - « *C'est aujourd'hui que le Waalo s'effondre*
Mais quel grand pays c'était !
C'est aujourd'hui que le Waalo s'effondre
Mais quel grand pays c'était !
Quel sombre jour aujourd'hui !
155 *Le Waalo tout entier s'est effondré*
C'est aujourd'hui que le Waalo s'effondre
Mais quel grand pays c'était ! »

Elles se mirent à chanter

Se mirent à chanter

160 Jusqu'à ce que la case soit totalement réduite en cendres.
Toutes brûlèrent à l'intérieur.
Lorsque ces événements eurent lieu,
Amar Fatim Borso, qui se trouvait à Saint Louis, en fut informé.
On lui dit :

165 - « Toi tu es ici à Saint Louis mais Nder s'est effondré
Les Maures sont venus à Nder,
Ils ont trouvé là bas ta famille,
Ils ont combattu les femmes
Qui en ont beaucoup tué d'ailleurs,
170 Mais aussi les femmes sont entrées dans l'Assemblée
Et s'y sont immolées par le feu. »

Amar Fatim Borso quitta aussitôt Saint Louis,

Passa par Ndiaw et prit avec lui Madiaw Khor Marème Yacine Thiam Pathé
blessé à la jambe,

Ce dernier traînait la jambe !

175 Malikoumba Fara Tegge Dewur Madiaw Ali Birama Gaye,
Voilà un vaillant guerrier !
Moussé Sarr Fari Diop Marème Codou Yaye Diaw Sall
Etait blessé à l'oeil gauche.

Lorsqu'ils tirèrent sur lui,

180 Il reçut une balle,
Une balle qui pénétra jusqu'à sa nuque,
Lorsqu'il revint,

On appela Mame Fall Borso Thiam, le grand-père du Premier Ministre Habib
Thiam.

Celui ci chauffa une barre de fer au rouge.

185 Il (Moussé Sarr ...) dit :

- « Si, quand je me battais à Thiagar
 Cette balle, que je reçus à l'oeil et qui pénétra jusqu'à ma nuque,
 A réduit un peu mon courage et ma bravoure,
 Maintenant que mon forgeron va l'extraire de mon oeil,

190 Dieu fasse que je meure à l'instant ici même !
 Mais si mon courage m'a permis de supporter tout ce que les Maures
 m'ont fait subir,
 Et me permet de poursuivre dignement le combat,
 Dieu fasse que cette balle soit extraite tout de suite ! »

On l'allongea sur le sol,

195 Le forgeron se mit à chercher la balle,
 A chercher la balle,
 Jusqu'à la localiser enfin et à l'extraire de l'oeil.
 Le brave ! Jusqu'à sa mort,
 Moussé Sarr Fari Diop Marème Codou Yaye Diaw Sall resta borgne.

200 *Jawdin* Maalo avait été blessé aux deux jambes.
 Amar Fatim Borso, qui était Roi,
 Avait lui aussi été blessé aux deux jambes.
 Madiaw Khor Marème Yacine Thiam Patté
 Avait été blessé à la jambe droite.

205 Les Maures en avaient blessé beaucoup parmi eux.
 Lorsque le *Brak* revint à Nder,
 Il s'enquit de la venue de *Almaami*.
 On lui dit :

- « *Almaami* est venu ici

210 En ton absence
 A tué untel
 A tué untel
 A tué untel

Juste après son départ (de *Almaami*) les Maures sont venus,

215 Les Maures ont combattu les femmes,
 Les femmes ont pris leurs pilons,
 Les femmes en ont tué beaucoup,
 Puis elles sont entrées dans le *tata*,
 Ont mis le feu sur elles à l'intérieur du *tata*,

220 Et toutes sont mortes dans les flammes;

Elles préféreraient mourir ici plutôt que suivre les Maures jusqu'en Mauritanie et être demain leurs esclaves. »

Amar Fatim Borso adressa aussitôt un message à *Almaami*.

Dans ce message il dit :

- « Puisque tu voulais venir à Nder,

225 Tu devais m'envoyer une lettre m'informant de la date de ta venue,
Et tu m'aurais trouvé ici,
J'aurais pu te dire si je suis d'accord avec ce que tu veux,
Ou si je ne le suis pas.

Mais tu ne devais pas attendre que je sois absent,
230 Que tous mes guerriers soient absents,
Chacun se faisant soigner quelque part,
Pour venir à Nder.
Mais sois sûr que je me vengerai.

Mais avant cela,
235 Tu recevras un message fixant le lieu de notre rencontre. »

Almaami lui répondit :

- « Rendez vous tel jour

Au fromager de Dialowali derrière Dagana »

Aah ! Ce fut un jour terrible !

240 Lorsque *Almaami* quitta le Fouta,
Qu'il arriva aux portes de Dagana,
Les Toucouleur se mirent à tirer.

Le *Brak* portait ses gris-gris.

Le vaillant guerrier Massamba Coumba Diaw

245 Lui aussi portait ses gris-gris,

Leur protection se faisait ainsi :

Ils écrivaient des versets du Coran mêlés à d'autres connaissances sacrées sur une tablette qu'ils portaient sur leur poitrine.

Ils écrivaient des versets du Coran mêlés à d'autres connaissances sacrées sur une tablette qu'ils portaient sur leur dos.

Ils écrivaient des versets du Coran mêlés à d'autres connaissances sacrées sur une tablette qu'ils portaient sur leur droite.

250 Ils écrivaient des versets du Coran mêlés à d'autres connaissances sacrées sur une tablette qu'ils portaient sur leur gauche.

Ils étaient ainsi complètement protégés des coups de feu.

A Nder vivait un grand guerrier marabout

Qui concevait des gris-gris.

Il s'appelait Meïssa Ndiaye Dialligi.

255 Il concevait un gris-gris qu'on appelle « *putt* ».
 Celui qui porte ce gris-gris dès le lever du soleil,
 Ne pourra mourir qu'après le coucher du soleil,
 Si on tire un coup de feu contre lui, la balle ne traversera pas,
 Et tant que le gris-gris reste pendu à son cou,
 260 Personne ne pourra le tuer.
 Lorsqu'on rencontra ceux du Fouta,
 La bataille fut terrible.
 Nous les mitraillions,
 Les poursuivions,
 265 Les mitraillions tout en les poursuivant,
 Jusqu'à Dialowali.
 Dialowali se trouve derrière Dagana,
 A quinze kilomètres de Dagana,
 Ou bien vingt kilomètres.
 270 Après la bataille de Dialowali,
 Les Waalo-Waalo les poursuivirent jusqu'à Gédé à l'intérieur du Fouta.
Almaami avait voulu conquérir le Waalo et convertir tous les Waalo-Waalo à
 l'islam.
 Lorsqu'il chercha à leur imposer cela,
 Ils lui répondirent que ce que les ancêtres leur avaient laissé en héritage
 275 Ils le conserveraient.
 C'est pour cette raison que *Almaami* survint à Nder en l'absence de Amar Fatim
 Borso.
 Lui aussi y fit beaucoup de mal car,
 Ceux qu'il trouva là bas
 Il les combattit
 280 Jusqu'à les épuiser avant l'arrivée des Maures.
 Mais je crois que Dialowali a vengé Nder.
 Notre grande chanteuse
 Adjaratou Mbana Diop,
 En a même composé un chant.
 285 Elle chantait ainsi :
 - « *Lorsque Almaami est allé à Nder,*
Ce fut en l'absence du Brak !
Mais Dialowali a vengé Nder !
Jusqu'au retour des chevaux à Nder !
 290 *Lorsque Almaami est allé à Nder,*
Ce fut en l'absence du Brak !

Amar Fatim Borso
Ma Mbodj Tegrel Sa Coura !
Ma Mbodj Tegrel Sa Coura !

295

Mbarka Fall !
Ton père est Beeco !
Lorsque Almaami est allé à Nder,
Ce fut en l'absence du Brak !
Mais Dialowali a vengé Nder !

300

Jusqu'au retour des chevaux à Nder ! »

Si je l'ai dit de cette manière

C'est que la bataille de Dialowali fut terrible.

On raconte que,

Lors de leur premier combat à Dielouté Ndombo,

305

La rivière Taway était si profonde

Qu'on n'en connaissait pas le fond,

Mais quand Waalo et Fouta se firent face,

Lors de leur premier combat à Dielouté Ndombo,

La rivière fut remplie de tant de chevaux et d'hommes

310

Que pour la traverser

On marchait sur des cadavres

Jusqu'à l'autre rive,

A cause du massacre des Toucouleur par les Waalo-Waalo.

Çà, c'est le premier combat.

315

Le second combat eut lieu à Dagana.

Les Waalo-Waalo furent vainqueurs

Et poursuivirent les Toucouleur jusqu'à l'intérieur de Gédé.

Je crois que parfois à la radio,

Tu entends les Toucouleur dire

320

Avoir tant souffert de Dialowali.

- « Dialowali !

Dialowali ! »

Car un grand nombre de leurs princes

Fut décimé lors de cette bataille par les Waalo-Waalo.

325

Quand ce fut terminé,

Les braves s'en retournèrent,

Rentrèrent donc à Nder

Et commencèrent à fêter la victoire.

Trente grandes vaches furent tuées pour la fête.

330 Toute la population se réunit sur la place publique,
Tout le monde se mit à chanter,
Disant :

- « *Kor Ndama !*

Kor Ndama !

335 *Waalo kor Ndama !*

Kor Ndama !

Kor Ndama !

Brak Waali Wal ! »

Chaque fois qu'ils revenaient d'une bataille,

340 Contents de l'avoir gagnée,

Le *Brak* invitait tout le monde sur la place publique.

Alors, on appelait le *farba jung jung*,

On appelait les joueurs de *xalam* et les chanteurs,

On appelait ceux qui dansent pour le *Brak*,

345 On se mettait à chanter

Ce chant qui est l'hymne national du *Waalo*.

Chaque fois qu'on entendait ce chant,

C'est qu'ils revenaient victorieux d'une bataille.

- « *Kor Ndama !*

350 *Kor Ndama !*

Waalo kor Ndama !

Kor Ndama !

Kor ndaama Barag Waali Wal !

Le Brak a tué leurs mères

355 *A tué leurs pères*

Leur a arraché les dents,

Et leur a promis du « xaru pep » »

Connais tu le « *xaru pep* » ?

C'est le grain de mil.

360 - « *Si tu le manges tu meurs !*

Si tu ne le manges pas tu meurs !

Notre défunt bien aimé Fara Coumba Yatta Diop,

Est à Bour Diadj !

Ngari Fara Kor ndaama Diosba !

365 *Yerim Mbagnik Bowe,*

Yerim Meïssa Daro,

Ma Ngoné Coumba Lambou Gnandé Thiam Ndiaram,

*Ndia Khouri votre grand père,
S'est battu pour le Waalo jusqu'à son indépendance !
Et le confia à Mame Natago,
Aram Bakar Gani Thiaka !
Bolde Penda Mame Aïssa Ndiaye !
Kor ndaama !
Kor ndaama !*

Waalo kor ndaama »

Beaucoup de cadeaux furent offerts en cette occasion.
Les Waalo-Waalo dansèrent toute la nuit jusqu'à l'aube.
Le lendemain ils partagèrent tout ce qu'on avait ramené des villages ennemis.
Les vaches,
Les esclaves,
Les moutons,
Les chèvres,
Furent répartis en trois lots :
Le premier, pour le *Brak*, ira à l'Assemblée,
Le second pour l'armée,
Le dernier sera partagé entre les griots,
Et les autres membres du Gouvernement.
Tous ces faits se produisirent sous le règne de Amar Fatim Borso.

Fatou Ndao Fall

Xore NDeer Waalo
ak Jaalowali

recueilli auprès de Samba Seck

griot au village de Ndeer

et à la RTS

Projet de publication : Éditions IFAN-ENDA

avec le concours du Projet Alphabétisation

Ndeer ba Jaalowaali

1 Mbokki Senegaal

Ñu ngi fii ci Ndeer

Di dëkk bu mag

Ngir waxtaan ak yeen ci xew-xew yu fi amoon fii

5 Ay xew-xewu jaloore,

Yu amoon fii ci wetu Guy Ngaala.

Guy Ngaala nag ab guy la,

Goo xam ne Brag bu fi falu ci Waalo

War ko wër juróom ñaari yoon.

10 Nu ngi wéeru ci guy gi

Ngir nettali leen x ew-xew yooyu

Te Brag Amar Faatim Borso jiite ko,

And ceek Faati Yamar Mbóoj,

And ceek Yerim Mbanig Tegrel,

15 Ak Muse Saar Fari Jóob Mareem Kod Jóob,

Ak Jawdin Majaw Xoor,

Ak Bëkk néeg Cuka, Naatogo Faal,

Ak Jogomaay,

Ak Bàddi.

20 Ñii nag noo dem Cagar.

Waaye ba nu deme Cagar

Demuñu woon ngir xare.

Ut alal ngir yokk seen koom-koomu réew

Moo waraloon seen tãnk.

25 Ndax ca jamono jooju ca Waalo,

Noom itam,

Musiba bi leen daloon moo daloon yeneen réew yi.

Dañu xeexoon seen biir

Donte maral ak xiif ngi leen doon bëgg a rey.

30 Maanaam toskare ju tar moo leen wuyusi.

Ñu ne nag:

« Ndegam tubaab yi suñu dëkk bi itteel na leen

Nañu dem waxtaan ak suñuy ñaari dendoo yi

Ni nga xam ne ñoo bokk dex gi,

35 Noo di Móoritani ak Fuuta. »

Ca noona,

Ñu ne nañu jëkke nak ci Naar yi,
 Ndax Naar yi booba ñoo gëna jeekku.
 Ak ñii ma leen limal,
 40 Amar Faatim Borso Mbóoj,
 Jawdin Majaw Xoor Mareem Caam Yaasin Paatee,
 Muse Saar Fari Jóob Mareem Koddu Yaay Jaw Sàll,
 Jawdin Ñjaag,
 Bëkknéeg Cuuka,
 45 Ak ñeneen ñu ñu àndal,
 War nañu mat ñoom gerye yooyu, war nañu mat, téeméer ak juróom benn fukk,
 Yoo xam ne bu Barag mësaan di dem,
 Ñooy ànd ak moom.
 Ba ñu demee ba ci dëkk bu ñuy wax Càggar,
 50 Ndeke boobu Naar yi dégg nañu ndéey li, daadi waaf foofu ci garab yi.
 Naka ñu leen séen ñuy ñëw rekk,
 Naar yi daadi sox fetal yi.
 Aah ñee fekk bi ñuy ñëw gannaayuwuñu woon xeex,
 Xeex taxuleena woon jóg.
 55 Ñu xeex ak ñoom,
 Naar yi « *gagner* » leen.
 Daldi jam Majaw Xoor Mareem Yaasin Caam Paatee,
 Ñu yóbbu ka Ñjaw.
 Jam Muse Saar Fari Jóob Mareem Koddu Yaay Jaw Sàll,
 60 Ñu yóbbu ka Ndar,
 Jam Barag,
 Ñu yóbbu ka Ndeer.
 Aak goornër booba fekk na waxtaan na ak Barag,
 Ci « *condition* » yoo xam ni,
 65 Suuf si ñu di ko bay,
 Indi koom koom ci biir Waalo.
 Goornër nak dégg ko,
 Daadi yabal ki nga xam ni mooy komaandaam,
 Mu ñëw di waxtaan ak moom.
 70 Bi mu waxtaanee ak moom ni ko daal :
 - « Li ma bëgg daal mooy nga ñëw ma yóbbu la Ndar.
 Suma demee faj la ba nga wer.
 Loolu daal mooy sama bëgg-bëgg. »
 Ca débi ba sax, arme bi bañ nañu.

- 75 Waaye daal mu naxanteek ñoom,
Ba « *commandant* » daldi ka jël yóbbu ko Ndar ñu di ko fa faj.
Ginnaaw bi nga xaamee ni nak Almaami yëkk na ni, goornër jëlsi na Barag
Amar Faatim Borso, yóbbu na ko Ndar,
Mu dellusi nak ni nak waa-Ndeer ceddo gi ñu nekke, fors ma xeex ak ñoom noot
leen ci diinee l'islam.
Aak jot na fa xeex ak ñoom sax,
- 80 Ba fagaagal ci ñu xawa takku lool.
Naar nak duñu jàkkaarloo xeex.
Dañuy toog ba gis fuñu maanaa jaar rekk, ñu xeex.
- Waaye duñu janoo.
Bi Naar yi dégge ni Almaami dem na Ndeer,
- 85 Ñoom si séen bopp it jam nañu,
Ñii nga xam ni ñooy armu Amar Faatim Borso, ñu barre,
Ñu daldi yolleeku nak ñoom Naar yi ba ci buntu Ndeer.
Fekk boobu Barag a nga Ndar.
Majaw Xoor Mareem Yaasin Caam Paatee nga Ñjaw,
- 90 Ñu di ko faj mbaaral ko di ko faj,
Muse Saar Fari Jóob Mareem Koddu Yaay Jaw Sàll nga Ndar.
Aak ñii nga xam ni ñooy arme bi ñu jam yëp,
Kenn ku nekk ñu ngi la yóbbu ci barab di la fa mbaaral.
Naar ya nak dikk nak ci biir Ndeer nak,
- 95 Fekk Ndeer booba,
Góor ñi,
Ñii dem nañu tool,
Ñii dem nañu tukki,
Ñii dem nañu ...
- 100 Dëkk bi daal kenn nekku fi
Ku dul jigéen ñi.
Naar yi daldi songook ñoom.
Ba ñuy songook ñoom nak,
Fekk nañu fa Lingeer Mbarka Ja,
- 105 Mi nga xamoon ni moo sës rëkk ci Faati Yamar Mbóoj,
Mi nga xam ne moo doon Lingeeru Ndeer,
Di séy ak Amar Faatim Borso,
Mi nga xam ne moo doon Barag.
Ñu daldi jaxasook ñoom nak,
- 110 Jël seeni kuur

Di xeex ak ñoom,
Di xeex ak ñoom ba rey si
Ñetti téeméer ak fukk ak benn.
Ñu daldi woote nak ñi ni nak :

115 - « Naar yi suñu ñu « *gagner* » kat
Dañ ñuy jël yóbbu ñu Moritani,
Te buñu ñu yóbbu Moritani,
Jaam lañu ñuy def. »

Aak ñu daldi ci genne kenn ku ñuy wax
120 Seydaani Ma Faatim.

Seydaani Ma Faatim sax dafa bañ,
Bi nga xamee ni woo nañu ka, ni ka :

- « Dangay nangu Naar yi yóbbu la,
Ñun nak danuy dugg ji tata ci pur lakk sunu bopp,
125 Ndax bu ñu Naar yi yóbbu,
Dañu ñuy def jaam. »

Ñuy bëreek Seydaani Ma Faatim,
Di bëreek Seydaani Ma Faatim,
Ba Seydaani Ma Faatim nangu,
130 Ñu jël ko yóbbu.

Waaye ba mu demee nak ba dëkk bu ñu wax Rooso,
Ay mbokkam daldi ko bàyyi foofu ci diggante Garak,

Am na fa sax ñjaboot.

Ndeysaan li gëna yéeme nak,
135 Mooy ñoom jigéen ña, ñjambaar gi ñu def
Ba taal néeg ba séen kaw,
Ndax booba tata si suñu jamono bii,
Moom la ñuy wax « *Assemblée Nationale* ».
Ci biir « *Assemblée* » boobu nak la jigéen ña dugg,
140 Daldi jël séen jung,
Daldi taal,

Lingeer Mbarka Ja ni :

- « « *Jamais* » duñu dem mukk Naar yi di ñu yóbbu Moritani, di ñu def
jaam.
Kon nak, nañu lakk ci biir tata ji,
145 Ñun ñëpp ñu dée moo gën ëllëg Naar yi di ñu def jaam. »
Moone de, bi ñu dugge ci biir néeg ba,
Ñu ngi doon woy.

Nu nu doon woye ?

Ñu ngi naan :

150 - « *Tey la Waalo aay,*
Waaye réew la woon !
Tey la Waalo aay,
Waaye réew la woon !
Bii bës dey tiis naa !
155 *Waalo yëpp jeex na !*
Tey la Waalo aay,
Waaye réew la woon ! »

Ñu nekk ci loolu,

Nekk ci loolu,

160 Ba néeg ba gim.

Ñoom ñëpp ñu lakk ci biir.

Bi nga xamee ni loolu am na nak,

Ñu daldi dawal nak dem Ndar fekk fa Amar Faatim Borso.

Ñu ni ko :

165 - « Yaw kat yaa ngi fii toog, waaye Ndeer jeex na
Naar yi dellusi nañu Ndeer,
Fekk nañu fa ñii nga xam ne, ñoo di sa ñjaboot,
Xeex nanook ñoom,
Fagaagal nañu leen,
170 Jigéen ñi dugg nañu ci biir « *Assemblée* » ba,
Taal nañu néeg ba sa séen kaw. »

Aah Amar Faatim Borso daldi jóge Ndar,

Jaar ñjaw, jël Majaw Xoor Mareem Yaasin Caam Paatee, mi ñi jamoon ci tank bi,

Daka doon diri,

175 Malikumba Fara Tegg Dewur Majaw Aali Biraama Gay,
Jaambaar a ngoog.

Jam Muse Saar Fari Jóob Mareem Koddu Yaay Jaw Sàll,

Ci bētu camoon ba.

Bi ñu ko fetaale, aah !

180 Benn cajj lanu ko door,

Cajj ga mi ngi génngi ci fii ndong gi.

Bi mu ñëwee,

Maam Faal Borso Caam maamu Abiib Caam « *Premier Ministre* » mii lañu woo.

Mu tàngal weñ ba mu xonx.

Mu ne :

- « Bu fekke ni bi may xeex ci Càggar,
 Ñu jam ma kajj gii ba mu génn sama loos wi
 Yàq naa dara ci sama xeex,
 Fii nga xam ne sama téggu cosaan bii mi ngiy dindi weñ gi, si sama
 bët bi,

190

Yàlla bu ma fi jóg.

Bu fekke nak ñeme naa ba tax na, li ma Naar yi doon def, lu mu
 metti metti,

Wàññiwul dara ci li ma doon xeex,

Cajj gi Yàlla na génn. »

Ndeysaan ñu daldi ko tër nak,

195

Di xaaw nak kajj gi.

Di ka xaaw,

Ba génne weñ gi duggoon ci biir bët bi.

Ndeysaan ba ba muy dée,

Moom Muse Saar Fari Jóob Mareem Koddu Yaay Jaw Sàll, benn bët la woon.

200

Aah Jawdin maalo moom, ñaari tank yi lanu damm.

« *comme* » Amar Faatim Borso mi nga xam ne mooy Buur ba,

Moom it ñaari tank ya lañu damm.

Majaw Xoor Mareem Yaasin Caam Paatee,

Tanku ndayjoor ba lañu damm.

205

Aah jam si ñu baree-baree-baree ñoo xam ne fa tabarakalaw.

Bi nga xamee ni nak Barag ñew na nak Ndeer, toog nak ci biir Ndeer,

Di laaj nan la fa Almaami ñewee woon.

Ñu ni ko :

- « Almaami ñew na fi,

210

Fekku la fi,

Ray na diw,

Ray na diw,

Ray na diw.

Dafa dëdd rekk Naar yi yegsi.

215

Naar yi xeex nañu ak jigéen ñi,

Jigéen ñi jël nañu seeni kuur,

Fagaagal nañu leen.

Waaye itam dugg nañu ci tata ji,

Taal nañu tata ji si séen kaw,

220

Ñoom ñëpp dée nañu,

Ndax looloo leen gënal Naar yi yóbbu leen Moritani di leen def jaam. »

Amar Faatim Borso daldi bind leetar nak Almaami.

Ni ko :

- « Bi nga béggee ma dajeeek yaw,

225 Dang ma waroon bind letaar, wax ma kañ ngay ñëw Ndeer,

Soo ñëwee Ndeer fekk ma fi,

Li nga may sant suma ko mënee, nangul la ko,

Suma ko manul nak ma xamal la ni, man mënuma ko.

Waaye waruloo woon bàyyi ba xam ne nekuma fi,

230 Samay gerye yii nga xam ne ñooy sama arm

Kenn ku ne yaa ngi ci bërëb ñu mbaaral la,

Ngay ñëw suma gannaaw.

Waaye na la wóor ni nak danaa fayyu.

Waaye balaa may fayyu it,

235 Dinaa la bind leetar xamal la fuma lay fekk. »

Almaami ni ko :

- « Jox na la bës sàngam,

Daqar gi ci Jaalowaali, ci gannaaw Dagana. »

Aah, keroog nak metti na.

240 Bi nga xamee ni Almaami jóge na Fuuta,

Dikk ba jub Dagana,

Ñuy fetal rekk.

Barag jël gaalaaj yi di takk.

Am na jaambaar ju ñuy wax Masamba Kumba Jaw,

245 Duggu ñu di ko takkal gaalaaj yi rekk.

Ñoom nak séen gaalaaj nii la demee :

Dan dañ bind kaamil, boolekook xam-xam, teg ka si séen dënn,

Bind kaamil, boolekook xam-xam, teg ka si séen gannaaw,

Bind kaamil, boolekook xam-xam, teg ka si séen weetu ndeyjoor,

250 Bind kaamil, boolekook xam-xam, teg ka si séen wetu càmmoñ.

Bu ka defee bun dee fetal, bal yi da leen di jéll.

Aah ! Amoon na benn jaambaar bu mag bu nekk Ndeer,

Boo xam ne moom itam daan na defar gaalaaj gu mel noonu,

Ñu koy wax Meïssa Ñjaay Jaaligi.

- 255 Moom espeesu putt la dañ bind.
 Boo ka takkee bu jant bi fenke
 « *Tant que* » sowul doo dée.
 Buñu la fetalee itam doo bënn,
 Te it bu fekke ni teekiwoo putt bi ci sa baat,
- 260 Kenn mënula ray.
 Aah binga xamee ni nak jëflante nañu ak waa-Fuuta yi,
 Jëflante bi metti lool.
 Ñu di leen fetal,
 Di leen dàq,
- 265 Di leen fetal di leen dàq,
 Ba ci Jaalowaali.
 Jaalowaali ci gannaaw Dagana la nekk,
 War na nekk « *quinze kilomètres* » de Dagana
 Wala book « *vingt kilomètres* ».
- 270 Ba ñu jóge Jaalowaali nak,
 Ñu dàq leen ba dëkk bu nuy wax Gede ci biir Fuuta.
 Almaami dafa bëgoon nguur ak moyaal jeex ci biir Waalo.
- Aak bi mu leen ko « *imposer* » nak,
 Ñu ni ñoom li leen séen maam yi bàyyiloon rekk,
- 275 Ci la ñuy kontine.
 Looloo waral Almaami dem gannaaw Amar Faatim Borso.
- Moom itam mu def fa lu xawa doy war,
 Ndax ñi mu fa jota fekk,
 Am na fa ñu ma jëflanteel,
- 280 Ba jot leena fagaagal bi Naar yi laata ñëw.
 Waaye aak defenaa ni Jaalowaali faj na Ndeer.
 Moom la suñu benn artist bu mag,
 Bu ñuy wax Ajaratu Mbana Jóob,
 Def na si sax woy.
- 285 Dañ na wax naan :
 - « *Bi Almaami demee Ndeer,*
Gannaaw Barag la woon,
Waaye Jaalowaali fay na Ndeer
Ba fas ya dellu Ndeer !
- 290 *Bi Almaami demee Ndeer,*
Gannaaw Barag la woon,

Amar Faatim Borso,
 Ma Mbóoj Tegrel Saakura,
 Ma Mbóoj Tegrel Saakura,
 295 Mbarka Faal,
 Sa baay ba Beeco la.
 Bi Almaami demee Ndeer,
 Gannaaw Barag la woon,
 Kon Jaalowaali fay na Ndeer,
 300 Ba fas ya dellu Ndeer ! »
 Waaw boo gise ma waxe ko noonu,
 Moo di Jaalowaali dafa metti.
 Ndax wax nañu ni,
 Jelute Nombo gi ñu jëkka songoo,
 305 Dex ga, Taway dafa xóotoon
 Ba kenn xamul woon fu mu yam.
 Waye bi Fuuta jàkkaarlook Waalo,
 Séen « *premier* » songoo ci Jelute Nombo,
 Dex ga dafa fees ak fas ak nit,
 310 Ba booy jàll booy tarawerse,
 Dangay jaar ci kaw fas, ak ci kaw nit,
 Ba jàll ca wàll wa,
 Ndax rekk ray bu leen Waalo-Waalo yi ray.
 « *Alors* » foofu mooy « *premier* » songoo bi.
 315 « *Deuxième* » songoo bi ñu eggale ko Dagana.
 Waalo-Waalo yi « *gagner* » leen,
 Dàq leen ba biir Gede.
 Defe naa ni lee-lee boo déglóo rajo,
 Dégg Tukulóor yi di wax,
 320 Di mettitlu lool Jaalowaali.
 - « Jaalowaali !
 Jaalowaali ! »
 Paskë séen lawax yu baare,
 Si xeex boobu la leen Waalo-Waalo yi ray.
 325 Aak ba ñu fa jóge nak,
 Ndeysaan ñu daldi dellusi nak,
 Ñëw Ndeer nak,
 « *Commencer* » séen galayaabe nak.
 Galayaabe ba, dañ nan si rey lu mat fanweeri xàbban.

330 Bu ka defee nak, ñu nekk sa pénc ma nak.

Ñu ngay woy nak,

Ñu nga nan :

- « *Kor ndaama !*

Kor ndaama !

335 *Waalo kor ndaama !*

Kor ndaama Waalo,

Kor ndaama !

Barag Waali Wal ! »

Kooku nak bu ñu mësaan xareji ba ñëw,

340 Nga xam ni dañu dàq xare ba kontaan ci lool,

Barag daleen di përye nak.

Bu ka defee nak, ñu daldi woolu nak farba jungjun,

Daldi woo xalamkat yi, wooykat yi,

Daldi woo ñi nga xam ne ñooy feccal Barag,

345 Ñu daldi « *commencer* » nak woy nak.

Woy woowu moo doon imn nasiyonaalu Waalo.

Waaw boo mësaan dégg ñu woy ko rekk,

Xare ji nañu ba ñëw, dàq nañu.

- « *Kor ndaama !*

350 *Kor ndaama !*

Waalo kor ndaama !

Kor ndaama !

Kor ndaama Barag Waali Wal !

Ku Barag rey sa ndey,

355 *Rey sa baay,*

Buddi say bëñ,

Dig la xaru pepp, »

Xam nga xaru pepp ?

Mooy dugub.

360 - « *Ne boo yëyee dée*

Ne boo yëyul dée

Ne ñu ne yoonub teen bi sunu xol janiw Fara Kumba Yatta Jóoba,

Nga Burjaaj !

Ngari Fara Kor ndaama Joosba !

365 *Yerim Mbañig Bowee,*

Yerim Meïssa Daaro,

Ma Ngonne Kumba Lambu Ñandé Caam Ñdiaram

*Ñda Xuri seen Maam,
Moo xeex Waalo ba mu lew !
370 Mu jebël ko Maam Nataago,
Aram Bakkar Gani Caka !
Bolde Penda Maam Aïssa Njaay !
Kor ndaama !
Kor ndaama !
375 Waalo kor ndaama »*

Loolu nak bun ko mësaan di def, dañ ci maye lu nekk.

Bu ka defee ñu fanaane fecc ba bir set.

Daldi séddale nak li nga xamee ni bi ñu demee ci dëkk yi, moom lañu fa lël,

Muy nak,

380 Muy jaam,

Muy xar,

Muy bëy,

Ñu séddale ko nak def ka ñetti cër.

Cër bu jëkk bi, Barag mooka moom ci « *assemblée* » ba la jëm.

385 Cër bu mujj bi, ñu ni « *armée* » bee ko moom,

Cër bi si des, ñu séddale ko nak Géwël yi

Ak ñi nga xam ne ci biir guwernëmaa bi lañu bokk ñoo ko moom.

Loolu nak mi ngi amoon jamonoy Amar Faatim Borso.

Sidiya Ndate Yalla

- 1 Waaw ah ... ñu ngi fii ci Ndeer ba tey.
Di fi nettali istuwaaru benn doom,
Boo xam ne Senegaal yëpp xam na ko,
Muy Sidiya Ndate Yàlla.
- 5 Yaayam « reine » la.
Baayam Beeco la.
Ndate Yàlla yaayam,
Moom na Waalo.
Ñjëmbët Mati Xuri Yaay moom it,
- 10 Moom na Waalo.
Tegrel Faatim Xuri Yaay
Moo jur Yerim Mbañig Tegrel.
Kookoo xeexoon keroog xare Burjaaj.
Soo gise Waalo,
- 15 Bi ñu jógee ci Talaatay Ndeer amaat alal,
Xeexu Masire Boyli laa tax.
Te Yerim Mbañig Tegrel moomu nga xam ne,
Tegrel Xuri Yaay,
Ak Njëmbët Faatim Xuri Yaay,
- 20 Ak Ndate Yàlla Xuri Yaay, mi jur Sidiya Ndate Yàlla,
Ñoo bokk ndey ak baay.
Sidiya nak dafa juddu rekk,
Yàlla may ko kàllaama,
May ko itam daraja,
- 25 May ko itam xel.
Hé, Tubaab yi ñëw,
Daldi ka jël bolee kook yeneen doomi bur
Ñu nekk Ndar di jàng.
Waye bu ñuy def eksame,
- 30 Sidiya mooy jël « numéro un ».
Ba mujj daal Tubaab yi tudde ko
Doomu gaynde « Lion » Jóob.
Hé. Bi mu amee fukki at ak juróom,
Tubaab yi jële ko fi yóbbu ko Farans.
- 35 Daldi ko solal soldaar,
Yóbbu ko « Allemand »,

Defal ko daal tuuti « tour du monde »,
 Ngir « intelligent » bi mu am.
 Diiru bi mu jógee Roos Bethio kër baayam,
 40 Ak bi mu dellusee,
 Mët na ñaar fukki at ak juróom.
 Bi mu dellusee sax dafa bette,
 Nax yaakaaroon nañu ne Sidiya dafa dée.
 « Mais » bi ko goornër delloosee,
 45 Ñu daldi ko fal seef « supérieur ».
 Waye bi mu dellusee, li mu ñjëkk def,
 Mooy daf ka laaj mu ni ko :
 - « Fan nga dëkk ? »
 Mu ni ko :
 50 - « Roos Bethio ».
 Mu ni ko :
 - « Ku jël doomu jaambur mu nekk ci àll,
 Ñaar fukki at ak juróom,
 War nga ko delloosi, war nga ko yóbbu fa mu dëkk,
 55 Ba ay paaraam xam ne déewul.
 Te yaakaaroon nañu ñun Tubaab yi,
 « que » dan la rey yaw « Lion » Jóob. »
 Ñu daldi ko pareel,
 Boole kook ay espayis,
 60 Boole kook « interprète » bu ñuy wax, Maam Abdu Lóo,
 Ñu daldi xëy.
 Booba ay baxla ñoo am,
 Ñu yab ka si séen saretu baxla yooyu,
 Ànd ak espayis yi,
 65 Ñu yóbbu ko Roos Bethio.
 Bi ñu ñēwee ba jub dëkk bi,
 « Comme » boobu tan
 Tubaab bi dafa lëjal réew mi witt,
 Naka ñu leen séen rekk,
 70 Ñu defe ni Tubaab bi dafay dellusi Roos Bethio.
 Ñu dikk ba si pénc mi,
 Fekku ñu fa kenn.
 Ku ñu woo rekk ñu ni nekku fi.
 Ah ! noonu « comme » Maam Abdu Lóo Waalo-Waalo la,

- 75 Xam na jikkoy Waalo-Waalo,
Mu daldi ne :
- « Bàyyileen ma woote,
Suma woote rekk man,
Bu ñu déggee sama baat,
- 80 Daañu ñëw ».
- Maam Abdu Lóo daldi ni :
- « Hé yeen Waalo-Waalo yi,
Ñëwleen séen doom bi ñu leen fi jëlale woon,
Mu tudd Sidiya Jóob moo ñëw ».
- 85 Aak Waalo-Waalo yi daldi « commencer » nak génn.
Eh boobu Sidiya boo ka gisee dootoo ko xàmme
Ndax dafa weex tàll « comme » Tubaab.
Ñu daldi woo pàppa ji,
Pàppa ji ñëw.
- 90 Naka pàppa ji ñëw, ñu ni ko :
- « Gorgi Saakura ! »
- Mu ne :
- « Naam. »
- Ñu ni ko :
- 95 - « Am nga doom gu noo wax Sidiya Jóob,
Te Tubaab yi tudde ko woon « Lion » Jóob, doomu Gaynde. »
- Mu ne :
- « Waaw waaye Sidiya ba mu demee ba tey
Bañ ko yóbbu ba tey,
- 100 Ray nañu ko ci àll ba. »
- Tubaab bi ni ko :
- « Déedéet ! Sidiyaa ngi nii ! »
- Fekk booba Sidiya déggul sax wolof.
Maam Abdu Lóo ni ko :
- 105 - « Sidiya ! »
- Mu ni ko :
- « Oui ! ».
- Mu ni ko :
- « Kuy sa pàppa ? »
- 110 Mu ni ko :
- « Saakura Jóob « dit » Beeco »
- Mu ni ko :

- « Kuy sa yaay ? »
Mu ni ko :
- 115 - « Ndate Yàlla Faatim Xuri Yaay ».
Pàppa ji daadi laxasu ci kawam.
Ah mu nuyook mbokkam yi saafoontook ñoom.
Ñu daldi ko delloo Ndar nak,
« Nommer » ko nak seef « supérieur ».
- 120 Bi ñu ko « nommer » seef « supérieur »,
Tabaxal ko Ñjuukuuk ci « Richard Toll ».
Booba dëkk booba ñuy wax « Richard Toll »,
Tuddul « Richard Toll » Ñjuukuuk la tuddoon.
Gannaaw ga la fa benn Tubaab bu ñuy wax Richard ñew,
- 125 Di fa bay ceeb,
Ñu tudde ko « Richard ».
Loolu moo indi turu « Richard Toll ».
Ah biñ ka fa tabaxalee,
Di jël empo yi nak di ko jox,
- 130 Muy yóbbu Ndar ndax dan ko
« Nommer » seef « supérieur »,
Seef yëpp mu seef leen ñuy indi empo yi di ko jox,
Mu yóbbu ci Tubaab yi.
Ah bu suñu maam yi xëyee rekk,
- 135 Ñii jóge Ndeer,
Ñii jóge xumma,
Ñii jóge Ñjaw,
Ñu ñew ci moom rekk di ko woy,
Naan ko :
- 140 - « Nga jaaree !
Nga jaaree !
Jàlloo Nga jaaree !
Nga jaaree Jàllook Fanta Yatma Gay,
Sa maama nga Cille Fara Góoral !
- 145 Yatma Demba sa maama nga Dimer,
Maali Xuri sa maama nga ca Beqaar ba !
Nit Fara Ndumbe,
Nit Fanta Yatma sa maama xaareelon Barag !
Nga jaaree !
- 150 Nga jaaree !

Jàlloo bàyyil Tubaab bi ! »

Ba mu xëy rekk,
Goornër bind ko leetar,
Mu ne déggatul farañse.

155 Ñu yónnee ko « manteau »,
Booba tan Waalo day sedd,
Mu séddale ko laytaayi fas
Ñu fay ko empo bi,
Lii mu séddale ko Waalo,

160 Li si des, mu may ko Gëwël yi.
Ah Tubaab yi daldi xam ni nak kii
Dellu na ca la mu nekkoon,
« comme » doomu ceddo la,
Dañu leen nootoon,

165 Mu dellusi nak bëgga indiwaat góor.
Ah mu « commencer » nak di « campagne ».
Li Tubaab di wax « diviser pour régner ».
« Commencer » dem seeti Lat Joor,
Seeti Màba Jaxu,

170 Seeti Alburi Ñjaay,
Seeti Buur Siin Kumba Ndóofféen,
Doomi Buur yi nga xam ne,
Mook ñoom a nekkoon ci ekool bi,
« Alors pour » ñu mankoo ñoom ñëpp

175 Xeex Tubaab bi,
Heeh ñu génn réew mi
« Pour » ñu ramplaas leen.
Moom moo jëkk laaj « indépendance »,
Paskë mison boobu mu naroon def,

180 Bu fekkoon ni resit na,
Moom mooy génne Tubaab yi.
Ah am benn bës nak
Mu ñëw nak dëkk bu ñuy wax Bàngoy,
Ci wetu Kebemeer.

185 Keroog bi muy ñëw,
Mi ngi ànd ak ñetti téeméeri góor.
Bi mu ñëwee, ndeke Tubaab yi yëg nañu séen « secret »,
Daldi dikk ba tiim leen fi ñiy réeño,